

Kesyon yo poze pi souvan nan Opsyon Espesyalizasyon ak Karyè

1. Èske pitit mwen an kapab ale nan nepòt lekòl ki nan Rejyon Palm Beach la pou pwochè ane akademik la?

Lejislati Florid la te pase yon lwa ki pral pèmèt elèv yo ale nan nepòt lekòl ki nan Florid ki poko atenn kapasite. Anwolman Jeneral Limite, oswa COE, pral kòmanse an 2017-18 epi yo pral pèmèt elèv ale nan nepòt lekòl piblik ki nan eta a ki pa atenn kapasite, depi elèv la pa gen òdonans pou ekspilsyon oswa sispansyon). Kapasite lekòl la defini nan Regleman Komite Dirijan Lekòl 5.018 la. Yo pral pibliye lis lekòl ki pral disponib pou Anwolman atravè COE sou sit entènèt *Department of Choice and Career Options* nan www.palmbeachschools.org/choiceprograms .

2. Èske se pou m ale nan lekòl la pou m enskri pou Anwolman Jeneral Limite?

Non. Tout elèv ki vle ale nan yon lekòl ki disponib atravè Anwolman Jeneral limite dwe soumèt yon aplikasyon nan www.mypbchoiceapp.com. Si gen plis kandida pase plas ki disponib nan yon lekòl, y ap fè yon tiraj lotri sou konpitè pou plase elèv yo.

3. Ki lòt opsyon Espesyalizasyon lekòl, apade Anwolman Jeneral Limite, mwen genyen pou pitit mwen yo nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach?

Gen anpil opòtinite diran ane a pou eksplore ak aplike pou yon pwogram oswa lekòl espesyalize atravè metòd tankou: Pwogram Espesyalizasyon, Transfè, Anwolman Jeneral Limite jan li endike anwo a, ak Lekòl Piblik Endepandan.

4. Ki diferans ki genyen ant Pwogram Espesyalizasyon, Anwolman Jeneral Limite, Ranplasman, ak Lekòl Piblik Endepandan?

Deskripsyon chak opsyon yo anba a:

- **Pwogram Espesyalizasyon:** Elèv nan klas matènèl rive nan 12^{yèm} ane kapab patisipe nan yon pwogram baze sou pwofesyon y ap ofri nan lekòl ki nan zòn yo oswa nan yon lekòl ki nan yon lòt zòn. Elèv yo dwe ranpli kondisyon elijiblite pou pifò pwogram

nan nivo lekòl segondè yo ak kèk nan pwogram nan nivo lekòl mwayen yo. Pase nòt odisyon yo obligatwa pou lekòl Dèza ak pwogram yo. Transfè fèt atravè seleksyon tiraj lotri. Pou plis enfòmasyon gade nan [Regleman 5.016](#) Distria.

- **Anwolman Jeneral Limite:** Elèv nan klas matènèl rive nan 12y^{em} ane kapab mande transfè lekòl atravè Anwolman Jeneral Limite, oswa COE. COE pèmèt plasman elèv nan lekòl itilize chwa lekòl preferansyèl paran endike kòm yon faktè enpòtan. Paran ki abite nan eta Florid kapab chwazi nan yon lis lekòl nan Rejyon Palm Beach ki disponib pou antre elèv pou pwochen ane eskolè a. Pou plis enfòmasyon gade nan [Regleman 5.016](#) Distri a.
- **Transfè:** Asistans pou replasman nan yon lekòl ki pa nan zòn lekòl elèv la nan yon efò pou soulaje difikilte sipèvizyon ak lòt sikonstans eksepsyonèl. Demann ak apwobasyon dwe sipòte [Regleman 5.015](#). Distri a.
- **Espesyalizasyon Lekòl Piblik Endepandan:** Lekòl Piblik Endepandan se lekòl piblik ki fè pati pwogram edikasyon piblik eta Florid la. Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach se lekòl piblik endepandan ki sitiye nan Rejyon Palm Beach la.

5. Ki lè m kapab aplike pou yon pwogram Espesyalizasyon, Replasman, Anwolman Jeneral Limite oswa Lekòl Piblik Endepandan?

Chwa: Entèval pou aplike pou pwogram espesyalizasyon an ap varye, baze sou pwogram ki seleksyone yo dat ak delè espesifik pou aplikasyon yo poste sou sit entènèt *Department of Choice and Career Options* nan: <https://www.palmbeachschools.org/choiceprograms/>.

Replasman: Y ap aksepte aplikasyon pou Transfè nan mwa Jen chak ane an konsiderasyon pou pwochen semès eskolè a oswa pwochen ane eskolè a. Dat espesifik dat aplikasyon ak lis lekòl disponib yo pral poste sou sit entènèt *Department of Choice and Career Options* nan: <https://www.palmbeachschools.org/choiceprograms/>

Anwolman Jeneral Limite: Y ap aksepte aplikasyon pou Anwolman Jeneral Limite nan avril jiska me chak ane an konsiderasyon pou pwochè ane eskolè a. Espesifik dat aplikasyon ak lis lekòl disponib yo pral poste sou sit entènèt *Department of Choice and Career Options* nan: <https://www.palmbeachschools.org/choiceprograms/>

Lekòl Piblik Endepandan: Yon lekòl piblik endepandan kapab enskri yon elèv ki kalifye ki soumèt yon aplikasyon alè, sof si kantite aplikasyon an depase kapasite a nan yon pwogram, klas, nivo klas, oswa bilding nan. Nan ka sa yo, tout aplikan dwe gen menm chans pou yo admèt yo atravè yon pwosesis seleksyon pa aza. Kontakte lekòl piblik endepandan an dirèkteman pou plis enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon yo.

6. Èske moun ki pa rete nan rejyon an kalifye pou aplike pou yon Pwogram Espesyalizasyon, Replasman, Anwolman Jeneral Limite oswa yon lekòl semi-piblik nan Rejyon Palm Beach?

Se sèlman moun ki abite nan Rejyon Palm Beach ki kalifye pou aplike pou yon pwogram Espesyalizasyon oswa Replasman, aleksepsyon de yon anplwaye Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ki abite nan yon lòt rejyon (distri), ki kalifye pou aplike pou toulede dapre regleman ki gen rapò avèk sa. Fanmi ki abite nan nenpòt rejyon nan Eta Florid kalifye pou aplike pou Anwolman Jeneral Limite. Pou lekòl semi-piblik yo, kontakte lekòl semi-piblik espesifik la pou plis enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon yo a pou moun ki abite nan lòt rejyon.

7. Èske y ap bay transpò si yo aksepte pitit mwen an nan youn nan opsyon sa yo?

Elèv ki nan Pwogram Espesyalizasyon kapab jwenn transpò kèlkeswa kote yo rete a parapò ak lekòl Espesyalizasyon an. Paran yo dwe depoze elèv la nan estasyon bis ki pi pre a pou l kapab kalifye. Estasyon otobis ap disponib sèlman nan Zòn Transpò Lekòl Espesyalizasyon an paske yo pap kreye estasyon adisyonèl pou chak lekòl. Yo pap bay elèv yo plase nan yon lekòl atravè replasman* oswa Anwolman jeneral limite, transpò. (*Gen grantliy eksepsyon nan regleman 5.015 distri a) Kontakte lekòl semi-piblik espesifik la pou plis enfòmasyon sou transpò.

8. Si yo mete pitit mwen an nan yon pwogram oswa lekòl, èske I ap rete ladan jiskaske li konplete dènye ane I oswa m ap gen pou m re-aplike pou li chak ane?

Elev ki antre nan yon pwogram Espesyalizasyon pap bezwen re-aplike chak ane. Elèv la kapab rete nan lekòl li osilontan I ap kontinye patisipe nan pwogram espesyalizasyon an. Si yon elèv kite yon pwogram Espesyalizasyon, volontèman oswa envolontèman, li dwe retounen nan lekòl ki nan zòn li pou pwochen trimès la oswa nenpòt lè kontra ak/oswa regleman Espesyalizasyon an mande l.

Elèv yo mete nan yon lekòl atravè pwosesis replasman kapab rete nan lekòl sa a osilontan rezon replasman an toujou valab epi elèv kontinye satisfè kritè grantliy ki nan Regleman 5.015 Konsèy Administratif Lekòl yo.

Elèv yo plase nan yon lekòl atravè Anwolman Jeneral Limite kapab rete nan lekòl la jiskaske I rive nan dènye klas lekòl la ofri, amwenske elèv la deside kite lekòl la. Si yon elèv kite lekòl la, I ap bezwen re-aplike diran pwochen peryòd aplikasyon an.

9. Kilè mwen kapab aprann plis sou opsyon yo?

Pou aprann plis sou pwogram Espesyalizasyon yo, Replasman ak Anwolman Jeneral Limite, vizite paj Elektwonik Depatman Espesyalizasyon ak Opsyon Pwofesyonèl nan: <https://www.palmbeachschools.org/choiceprograms/> or www.mypbchoiceapp.com. Pou aprann plis sou lekòl semi-piblik yo nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la, vizite paj elektwonik www.palmbeachschools.org/charter oswa rele nan 561-434-8189.

10. Kisa m kapab fè kounye a pou m prepare pitit mwen pou pwochen ane lekòl la?

Si w toujou nan epòk lè pou w ranpli aplikasyon, aplike pou yon pwogram Espesyalizasyon, eksplòre plizyè santèn pwogram Espesyalizasyon ak Pwofesyon ki disponib pou tout elèv nan Rejyon Palm Beach epi aplike avan dènye dat la. [Klike la a pou wè ak telekopye manyèl pwogram](#)



[Espesyalizasyon an.](#) Si w genyen nenpòt kesyon, tanpri voye yon imèl nan: choicequestions@palmbeachschools.org